# Jwenn Aksè nan Rezilta Evalyasyon Eta a ak Nouvo Pòtay Fanmi an

**Kisa Pòtay Fanmi an ye?** Nouvo Pòtay Fanmi an ofri yon lokasyon santral pou fanmi Florid yo jwenn aksè nan rezilta tès elèv yo nan tout eta a. Pòtay Fanmi an pral pèmèt fanmi yo jwenn aksè nan rezilta egzamen yo, kòmanse nan Prentan 2021, epi telechaje Rapò Nòt Endividyèl (ISR) pitit ou Pòtay Fanmi an pral pèmèt aksè pi rapid nan rezilta yo epi toujou bay fanmi yo aksè a rezilta tès yo, menm lè pitit ou a chanje lekòl oswa rejyon. Sepandan, rezilta pou Siveyans Pwogrè Otòn 2022 a p ap disponib nan Pòtay Fanmi an jis nan mwa novanm.

Antretan, Distri a ap chaje rezilta tès elèv yo nan Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS) chak semèn pou paran ak elèv yo gen aksè pi vit ak rezilta tès yo. Ou kapab jwenn rezilta kounye a atravè *SIS Parent Gateway* ak/oswa Pòtay Elèv la. Nan bi pou fanmi yo jwenn aksè rapid nan rezilta yo, fanmi nan distri a ta dwe ale nan SIS Parent Gateway ak Pòtay SIS Elèv la.

## Distri Lekòl: Kijan Fanmi yo Kapab Jwenn Aksè e nan Rezilta Egzamen Eta yo nan SIS Parent Gateway?

1. Fanmi yo dwe konekte nan SIS Parent Gateway.
2. Sou bò gòch la, chwazi non pitit ou a, apresa chwazi "Child Info." (Enfòmasyon sou timoun).
3. Desann pou jwenn epi klike sou "TEST – State Assessment." (TÈS - Evalyasyon Eta a)




Remak: si w pa enskri pou w jwenn aksè nan SIS Parent Gateway, kontakte lekòl pitit ou, epi mande Manadjè SIS Gateway la pou l ba w enfòmasyon sou kòd PIN lan ak enskripsyon.

## Distri Lekòl: Kijan Elèv yo Kapab Jwenn Aksè nan Rezilta Egzamen Eta yo nan Pòtay SIS Elèv la?

1. Elèv yo dwe konekte nan pòtay elèv distri a.
2. Sou bò gòch la, seleksyone "My Information." (Enfòmasyon mwen)
3. Desann pou jwenn epi klike sou "TEST – State Assessment." (TÈS - Evalyasyon Eta a)

# Aksè nan Nouvo Pòtay Fanmi an

## Direktiv Lekòl Distri a pou Paran yo jwenn Aksè nan Pòtay Fanmi nan SIS Parent gateway

1. Fanmi yo dwe konekte nan SIS Parent gateway.
2. Nan ekran Akèy la, klike sou logo"*Florida Statewide Assessments (Evalyasyon Eta Florid)*" pou yo mennen ou nan Pòtay Fanmi an ki montre rezilta tès elèv yo pou timoun sa a.
    a. Si w genyen plis pase yon timoun, w ap bezwen klike sou logo chak timoun separeman.




## Ekran Pòtay Fanmi

Pòtay Fanmi Florid la gen ladan kounye a evalyasyon ki soti nan Prentan 2022 ak Prentan 2021.

- *Tanpri sonje: sa kapab pran jiska Novanm 2022 pou eta a chaje nòt ak rapò ki soti nan Siveyans Pwogrè FAST Otòn 2022 nan Pòtay Fanmi an.*



## Ekran Pòtay Fanmi

- Si pitit ou a te patisipe nan evalyasyon eta a, kòmanse epi kontinye nan Prentan 2021, w ap kapab wè rezilta tès yo nan Pòtay Fanmi (seleksyone– Ane Eskolè 2020–2021).




## Gid Entèaktif Pòtay Fanmi

Anlè adwat, lokalize senbòl "Guide" (Gid) la, ki pral montre yon gid entèaktif pou ede w konnen divès karakteristik Pòtay Fanmi yo.



# Solisyon pou Fanmi

- **Kòm paran mwen pa genyen aksè nan SIS Parent Gateway, kisa pou m fè?** Kontakte lekòl pitit ou, epi mande *Manadjè SIS Gateway* la pou l ba w Kòd PIN ak enskripsyon pou aksè nan Gateway. Se lekòl pitit ou ki dwe bay aksè nan Parent Gateway se pa Distri a.

- **Map klike sou logo ki nan Parent Gateway a epi li pa konekte m nan Pòtay Fanmi an, kisa pou m fè?** Kontakte lekòl pitit ou a pou mande yo fè yon demann sèvis ak biwo Evalyasyon Distri a.

- **Èske genyen yon lòt fason pou jwenn aksè nan Pòtay Fanmi eta a?** Wi. Sepandan, w ap bezwen genyen kòd aksè 6 chif inik pou pitit ou a lekòl regilye a sèlman ki te bay li.
  - Ale nan Pòtay Evalyasyon Florid: https://fsassessments.org/fsa.html
  - Klike sou "Students & Families" (Elèv ak Fanmi)
    - Jwenn senbòl Pòtay Fanmi an
  - Oswa itilize lyen dirèk la: **https://fl-familyportal.cambiumast.com/**




- **Kisa pou m fè si m genyen pwoblèm ak kòd aksè pitit mwen an ki pa fonksyone nan Pòtay Fanmi an?** Kontakte lekòl ki te ba w kòd aksè ou a pou mande yo fè yon demann sèvis ak biwo Evalyasyon Distri a.

- **Kisa pou m fè si m genyen difikilte teknik ak Pòtay Fanmi eta a?**
  - Rele Sèvis Asistans Sipò Gratis nan Telefòn Florid la: 866- 815- 7246
  - Sipò atravè Imèl: FloridaHelpDesk@CambiumAssessment.com
    - Tanpri, remake: Biwo Èd Florid la p ap bay kòd aksè.



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –October 2022 – SY221310